

## BAB V PANUTUP

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, tina dua puluh opat carita rahayat nu kacangking téh ngahasilkeun opat kacindekan utama, nya éta deskripsi carita rahayat, papasingan carita rahayat, struktur (adegan) carita rahayat nu ngawengku téma, galur, latar, palaku, jeung amanat, jeung larapna carita rahayat dina bahan pangajaran maca di SMP.

Téma nu dipidangkeun kabagi jadi lima kacindekan utama, kahiji témana kajadian alam jumlahna aya hiji nya éta “Dongéng Walungan Curug Candung”, kadua témana kaayaan alam jumlahna aya lima nya éta “Sasakala Curug Candung kahiji”, “Sasakala Curug Candung kadua”, “Sasakala Curug Candung katilu”, “Caringin Karamat”, “Leuwi Neundeut”, jeung “Jalan Tol”, katilu témana kapercayaan jumlahna aya opat belas nya éta “Oray Badag dina Walungan”, “Panon Sakuriling”, “Salendang Pusaka”, “Ngurebkeun”, “Kalimah Aki Unén”, “Kalimah Mang Iyé”, “Kalimah Aki Aca”, “Oray Bedul”, “Dongéng Mang Oyo”, “Kalimah Abah Sudia”, “Eyang Langlang Buana”, “Eyang Rancasan”, “Curug Candung”, jeung “Jurig”, kaopat témana sosial budaya aya dua nya éta “Ngabungbang”, jeung “Teu Meunang Dahar Peuting”, jeung nu kalima témana *pemberontakal* aya hiji nya éta “Jaman Gerombolan”. Tuluy galur nu dipidangkeun lolobana galur mérélé. Sedengkeun latar tempat, waktu, jeung sosial. Latar tempat lolobana lembur Curug Candung, curug, Cirebon, jalan tol, jalan, makam, torowongan walungan Citepus, sawah, kebon, buruan imah, jeung leuwi neundeut, jeung imah masarakat. Latar waktu lolobana kajadian di jaman baheula, kiwari, taun 65-an, isuk-isuk, soré, jeung jam sabelas peuting. Latar sosial aya dina tingkatan masarakat basajan. Sedengkeun tokoh lolobana nyaritakeun masarakat Curug Candung, Eyang Rancasan, Eyang Langlang Buana, Eyang Prabu Siliwangi, Nyi Prabu, aki Unén, aki Aca, aki Ata, mang Oyo, mang Iyé, abah Sudia, bi Iyam, Herlan, Yaya, Oned, jeung Maryati. Amanat nu kacangking dina dua puluh opat carita rahayat téh lolobana nuduhkeun

Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ajén bebeneran pikeun bahan pangajaran kahirupan. Lian ti éta, aya hiji carita rahayat nu dijieun bahan pangajaran nya éta “Caringin Karamat”. Dua puluh opat carita rahayat nu kacangking téh miboga unsur-unsur carita nu lumayan lengkep sarta luyu jeung bahan pangajaran anu geus ditangtukeun.

## 5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngarana kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sacara umu, ieu panalungtikan mibanda kahéngkérán dina sawatara bagian. Tapi dipiharep kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa méré conto kahadéan, utamana dina ngeuyeuban kasusastraan Sunda. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan dina karya sastra lisan, utamana carita rahayat, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran. Ku kituna, aya sawatara rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) panalungtik satuluyna, 2) guru, jeung 3) masarakat.

Pikeun panalungtik satuluyna, carita rahayat nu sumebar di unggal wewengkonna séwang-séwangan téh kudu didokuméntasikeun sangkan pangaweruh jeung ajén kahirupan nu aya dina karya sastra lisan téh kapesek eusina tur bisa dijadikeun sisindekelan hirup. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi cukang lantaran kahudangna karep pikeun mikawanoh karya sastra lisan nu patali jeung carita rahayat. Anu pamungkas, dipiharep masarakat bisa nyonto sikep moral anu hadé anu aya dina karya sastra lisan, sangkan teu kabawa kusakaba-kaba.